EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz




# RUHIY RAWAJLANIWI TÒMEN BOLĢAN BALALARDIÑ PSIXOLOGIYALIQ QIYINSHILIQLARI HÀM ÒZGESHELIKLERI

**Klishbaeva Guljan Saken qizi**[1]
Àjiniyaz atındaǵı Nòkis Màmleketlik Pedagogikalıq Institutınıñ Mektepke shekemgi tàlim fakulteti logopediya baǵdarı 1-kurs talabası,
**Tasbaeva Gulbaxar Muratovna**[2]
Àjiniyaz atındaǵı Nòkis Màmleketlik Pedagogikalıq Institutınıñ Mektepke shekemgi tàlim fakulteti defektologiya kafedrası oqıtıwshısı.
https://www.doi.org/10.37547/ejar-v03-i02-p3-94

ARTICLE INFO

Received: 08th February 2023
Accepted: 16th February 2023
Online: 17th February 2023

KEY WORDS

*Astensiya, giperkinez, psixogen, serebral, konstitutsional.*

ABSTRACT

*Bul maqalanı oqıw arqalı siz jàmiyetimizdegi anamal balalar kategoriyasına kiriwshi ruxıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalar haqqında màlimet alasız hàm ondaǵı jeke psixologiyalıq òzgesheliklerin bilip alasız.*

Hàrqanday jàmiyette keleshek miyrası kàmil insan bolıp jetiliwine, olardıń memlekettiñ gùllep jasnawına salmaqlı ùles qosatın mùnasip puqaralar bolıp jetiliwine ùlken ùmit penen qaraydı.

Kòplegen memleketlerde bolǵanı sıyaqlı Òzbekistanda da imkaniyatı sheklengen balalar ùshin arnawlı shòlkemlestirilgen mektepler bar. Olardıń maqseti balalardı arnawlı oqıw orayında tayarlaw bolıp tabıladı.

Ùlgermewshi oqıwshılar arasında ruxıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalarda ushrap turadı. Olardıñ biliw qàbileti-intellekti,este saqlawı,dıqqatı,is qàbileti hàm basqada òzgeshelikleri, hàm birinshi orında oraylıq nerv-sistemasınıñ kesellikleri nàtiyjesinde ruxıy rawajlanıwı tòmenleydi. Kòplegen alımlardıñ maǵluwmatlarına qaraǵanda baslawısh klass oqıwshılardıñ 5-8% ruxıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalar quraydı. Rawajlaniwda arqada qalıwdıñ tiykarǵı sebebi bas miydiñ minimal, jeñil jaraqatlanıwı, hàmile dàwirinde yamasa balanıñ kishkene waqtında jaraqatlanıwı sebep boladı. Ruxıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalardıñ hàmmesinde dıqqattıñ jeterli rawajlanbaǵanlıǵın kòriw mùmkin Tiykarǵı belgileri tòmendegishe boladı.

Birinshiden seziw orgonları arqalı alınǵan màlimetti qabıl etiw hàm qayta islew qàbileti pàs boladı. Sol sebepli Bunday balalar bilimdi òzlestiriwi bir qansha qıyınshılıqlar tuwdıradı. Degenmende, aqlı-zayıp balalardan birqansha parıq qılıp, normal teñlesleri òzlestirgen materiallardı tolıq òzlestiriw imkanyatına iye.

Ekinshiden ruxıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalar esitiw, kòrw, qabileti jeterli rawajlanbaǵanliǵi sebepli aralıq dawıslar hàm reñlerdi normal teñlesleri sıyaqlı pariqlay almadı.

Ushinshiden.Buyımlar hàm nàrselerdiñ jaylasıw orınların aniqlay almaydi. Buyimlardin bir-birine qaraǵanda aldında, qasında,artında sıyaqlı tùsiniklerdi jeterli tùsinip jetpeydi.

Ruhıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalardı ruhıy-pedagogik diognostika qılıw tek qana rawajlanıwdan arqada qalıp atirǵanlıǵın anıqlaw emes bàlkim oniñ ózgesheliklerinde ashıp beredi .

Ruhiy rawajlaniwda arqada qalǵan balalar aqliy dàrejesine qarap eki toparǵa bòlinedi .
1. Jeñil nuqsani bolǵan balalar olar arnawli sharayatta 1-3 tàlim -tàrbiya alǵan soñ ulıwma mekteplerge qosip, tiyisli klasslarda oqiwǵa boladı
2. Ruhiy rawajlanıw sezilerli dàrejede tòmenligin balalar, mektepti pitirgenge shekem arnawli tàlim orınlarında bilim aladı .Bunday balalar mektep saw teñlesleri qatarı òzgere almaydı. Ruxıy rawajlanıwı tòmen balalardı ulıwma orta mekteplerde tàlım beriw bilim processinde keri asırıp jıyǵıźıwı mùmkin .Materiallardı jaqsı òzlestire almaw hàrdayım qıyınshılıqlar tuwdıradı, nàtiyjede olardıñ minez-qulqına jaman tàsır etedi .

Alımlarımızdan K.S Lebedinskiy, G.P Berton,E.M Dunayen hàm basqalar ruxıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalardi klinik-psixalogı tàrepten 4 toparǵa ajratadi
1) Konstitutsional
2) Somosogen
3) Psixogen
4) Serebroe
1) Ruxıy rawajlanıwıdıñ konstitutsional formasin xarakterlewshi belgileri tòmendegishe:
- Balanıñ gewde dùzilisi saw teñleslerine qaraǵanda 1-2 jas kishikòrinedi. Olar òzlerin baqsha jasındaǵıday uslaydı hàm tàlim alıw tolıq jetilmegen boladı. Bunday balalar oqıwǵa tez kirisip ketpeydi, sebebi olarda oqıwǵa qızıǵıwshılıq joq. Matematika, jazıw, oqıwdı ùlken qıyınshılıqlarmenen òzlestiredi.Sabaq waqtında tez sharshap qalıw, basınıñ awırıwın bayqaymız. Konstitutsional formadaǵı Bunday balalarda is qàbileti, aktivlik jànede pàseyip ketiwine sebep boladı. Tiykarınan bunday kemshilikler ananıñ hàmiledarlıq dàwirinde qalqansıman bezlerdiñ buzılǵanlıǵı, jùrek-qan tamır kesellikleri sebep bolıwı múmkin.
2) Rawajlanıwdıñ somatik forması bala gòdeklik dàwirinde hàr tùrli juqpalı keselliklermenen tez-tez keselleniwi nàtiyjesinde ruxıy rawajlanıwda arqada qalıw mùmkin. Ayrım balalarda somotogen infontilizm gùzetiliwi, yaǵnıy bala òsip rawajlanbay, gòdek sıyaqlı bolıp qaladı. Bul balalardıń psixologiyasında nevrozǵa uqsas belgilerdi kòremiz. Yaǵnıy òz kùshine isenbew, qorqaqlıq, ınjıqlıq, erkelik, qızıǵıwshılıqtıñ pàseygenligin hám taǵı basqa da belgiler gùzetiledi.
3) Ruxı rrawajlanıwıdıñ psixogen tùri bul balalarǵa natuwrı tàrbiya beriw nàtiyjesinde kelip shıǵadı. Máselen balanı hàdden tısqarı erkeletiw, juwapkershilik sezimin sezbewi, erke qılıp òsiriw, kòp kewline qaraw balanıñ natuwrı rawajlanıwına sebep boladı. Alımlarımızdıñ bergen maǵluwmatlarına qaraǵanda bunday balalardıñ 50% nerv-sistemasınıñ organik jaraqatlanıwı nàtiyjesinde boladı.
4) Serebral-endokrin infontolizm. Ruxıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalardıñ bul tùri tiykarınan ishki sekreciya bezleriniñ durıs jumıs islemewi sebep boladı. Nàtiyjede balanıñ uyqısı,ishteyi jaqsı bolmaydı,dislepciya jaǵdayı gùzetiledi. Oraylıq nerv-sisteması tez sharshaydı, neyrodinamik òzgerisler gùzetiledi.Aqlıy qàbileti pàseyip, este saqlawı buzıladı. Serebral tùrdegi balalar tez tàsrlenedi, qız balalarda kòp jılaw gùzetilse, ul balalarda hàdden tısqarı qızbalıq bayqaladı.

Joqarıda aytılǵan ruxıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalar menen aqlı-zayıp balalardı kóp hallarda ayıra almaydı. Sebebi, bunday balalarda sabaqqa ùlgermewshilik, giperkinez hàreketler, astensiya jaǵdayları gùzetiledi.Nàtiyjesinde bul balalarda aqlı-zayıplılar qatarına qosılıp qalıwı mùmkin. Bul balalardıñ sabaqqa ùlgernewdiñ negizgi sebebi, shañaraqta hàr tùrli jaǵdaylar, ata-ananıñ ishkilikke beriliwi, balaǵa biyparwalıq, kòp shawqım, urıs-kerisler bala psixologiyasına jaman tàsir etedi. Aqır-àqibetinde balaǵa qızıǵıwshılıǵın tanıtpaytın adam bolmaǵanlıqtan bala òzin jalǵız sezinedi. Nàtiyjede kòp ashıwlanıw, àtrapındaǵı insanlarmen tez urısıp, hàtteki nevroz keselligine alıp keliwi mùmkin.

Kòp hallarda ruhıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalarda qıyal etiw, oylaw processleri bir qansha rawajlanbaǵanlıǵı ùshin olardıñ sòylewinde de kemshilikler payda bola baslaydı. «Qıyal etiwdiñ rawajlanbawı ùstinde alıp barılǵan gùzetiwler- bul bul funkciyaniñ nutq rawajlanıwına baylanıslı ǵana kòrsetedi. Nutq rawajlanbawdaǵı kemshilikler qiyaldıñ rawajlanıwına da alıp keledi»-dep aytqan edi L.S Vigotskiy.

Ruhıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalardı mektep oqıtıwshıları hàm tàrbiyashıları tàlim-tàrbiya beriwde tòmendegilerge itibar beriwi kerek.

- ruhıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalardıñ màlim bir materialdı òzlestiriw ùshin kòp waqıt sarıplawı.
- kòriw arqalı qabıl etilgen materiallardıñ mùmkin bolǵansha kem elemennten ibarat bolıwı
- jaña material bergen de balanıñ dıqqatın shalǵıtıwshı nàrseler bolmawı kerek.

Basqasha aytqanda, baqsha tàrbiyashıları hàm baslanǵısh klass oqıtıwshıları ruhıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalardıñ arnawlı shàràyatta tàlim-tàrbiya alıwǵa jàrdemlesiwi kerek. Olardaǵı òzgesheliklerdi òz waqtında anıqlap, ata-analarına màslahat berip eskertiwi lazım. Ruhıy rawajlanıwı tòmen bolǵan balalar inklyuziv normada, salamat teñlesleri arasına yamasa arnawlı oraylarda tàlim-tàrbiya jumısları alıp barılsa, albette òz nàtiyjesin beredi. Belgili oligofrenpedagog Segen bılay degen: "Eger siz tàrbiyalap atırǵan balanıñ sizge unaytın birde bir jaqsı tàrepi bolmasa, siz tùskinlikke tùspeñ. Ol hàrdayim jatsa turǵızıñ, otırǵızıñ, awqatın jemese barmaqlarınnan uslañ. Siz bul balaǵa hesh nàrse ùyretpegen bolıwıñız mùmkin, biraq onda seziw, oylawın rawajlandırasız"

Juwmaqlap aytqanda, jàmiyetimizde anamal balalar qatarına kiretuǵın ruxıy rawajlanıwı arqada qalǵan balalarǵa da òz waqtında pedagogikalıq hàm psixologiyalıq jaqtan jàrdem berilse, olardıń boyındaǵı jeke òzgesheliklerin bayqap, waqtında màslahat berilse, bunday balalarda òmirde òz jolın tawıp kete aladı.

## References:

1. M.U.Xamidova "Maxsus Pedagogika" T-2013 "Fan va texnologiyalar nashiryoti"
2. M.Y. Ayupova "Logopediya" T-2007 " O'zbekiston faylasuflar jamiyati nashiryoti"
3. M.R.Polatxojayeva "Defektologiyaning klinik asoslari" T-2013